

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan anu dilakukeun ku duaan nyaéta ku panalungtik jeung ku kersana Dra. Euis Engguh Marlina, M.Pd, pengawas mata pelajaran basa Sunda SMP di lingkungan Dinas Pendidikan Kota Cimahi jeung Instruktur Nasional Kurikulum 2013 sarta hasil analisis data anu dipedar dina bab opat ngeunaan kamampuh guru dina ngararancang, ngalaksanakeun, jeung meunteun pangajaran Dongeng di SMP “*Piloting Project*” Kurikulum 2013 Kota Cimahi (SMP Negeri 1 Cimahi, SMP Negeri 3 Cimahi, SMP Negeri 5 Cimahi, SMP Negeri 8 Cimahi jeung di SMP BPK Penabur Cimahi) bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

#### a. **Kamampuh Guru dina Ngararancang Prosés Pangajaran Dongéng dumasar Kurikulum 2013**

Dina ngararancang prosés pangajaran (RPP) anu ngawengku aspék-aspék nuliskeun Idéntitas Mata Pelajaran nu ngawengku: Ngarumuskeun Indikator, Milih Materi Pangajaran, Milih Sumber Diajar, Milih Média/Sumber Pangajaran jeung Nyusun Skénario Pangajaran, guru basa Sunda di SMP *Piloting Project* Kurikulum 2013 Kota Cimahi geus mampuh ngararancang pangajaran matéri dongéng, dumasar kana Kurikulum 2013, kalayan wincikan skorna: anu meunang skor 95 kalayan prédikat alus pisan aya saurang, anu meunang skor 92 kalayan prédikat alus pisan aya dua urang, anu meunang skor 89 kalayan prédikat alus aya dua urang.

#### b. **Kamampuh Guru dina Ngalaksanakeun Prosés Pangajaran Dongéng dumasar Kurikulum 2013**

Kamampuh guru basa Sunda di SMP *Piloting Project* Kurikulum 2013 Kota Cimahi Taun 2015-2016 dina ngalaksanakeun pangajaran dongéng, perlu dironjatkeun deui, kalayan wincikan skorna: guru sumber data anu meunang skor

77 prédikat cukup aya saurang, anu meunang skor 73 prédikat cukup aya saurang, anu meunang skor 64 prédikat kurang aya dua urang, sedengkeun anu meunang skor 59 prédikat kurang aya saurang.

Dina ngalaksanakeun prosés pangajaran matéri dongéng dumasar Kurikulum 2013 kabagi kana tilu kagiatan: a) Bubuka anu ngawengku kagiatan; (a) Apersépi jeung Motivasi, (b) Nepikeun kompetensi jeung rarancang kagiatan, b) Inti ngawengku: (a) Ngawasa matéri pangajaran, (b) Ngalapkeun stratégi pangajaran anu ngadidik, (c) Ngalapkeun pamarekan saintifik, (d) Ngamangpaatkeun sumber diajar/média dina pangajaran, (e) Ngalibetkeun peserta didik dina pangajaran, jeung f) Ngagunakeun basa nu bener jeung luyu dina pangajaran, c) Nutup pangajaran ngawengku: (a) Méré lolongkrang jeung ngaping peserta didik pikeun ngaragum matéri pangajaran, (b) Méré lolongkrang jeung ngaping peserta didik pikeun ngaréfléksi prosés jeung matéri pangajaran, (c) Méré umpan balik kana prosés jeung hasil pangajaran, (d) Ngalakukeun meunteun, jeung (e) Ngararancang kagiatan tindak lanjut.

Kamampuh guru basa Sunda kelas VII di SMP *Piloting Project* Kota Cimahi dina nepikeun mangfaat materi pangajaran dina kahirupan sapopoé, aya 100%. Sedengkeun dina bubuka pangajaran matéri dongéng euweuh anu nepikeun gurat badag wengkuan matéri. Sakabéh sumber data langsung nepikeun pangajarannana. Ku kituna, dumasar kana éta hal, bisa dicindekeun yén guru basa Sunda kelas VII di SMP *Piloting Project* Kota Cimahi 0% dina nepikeun gurat badag wengkuan matéri.

Dina nepikeun kompetensi jeung rarancang kagiatan dina kagiatan muka pangajaran pikeun ngalaksanakeun prosés pangajaran matéri dongéng, sakabéh sumber data euweuh anu nepikeun kompetensi nu rék dihontal, jeung euweuh anu nepikeun kagiatan anu rék dilakonon. Dina prak-prakanana, sakabéh sumber data langsung nepikeun pangajaran matéri dongéng. Dumasar kana éta hal, bisa dicindekeun yén guru basa Sunda kelas VII di SMP *Piloting Project* Kota Cimahi 0% dina nepikeun kompetensi nu rék dihontal jeung nepikeun kagiatan anu rék dilakonon. Sedengkeun dina bubuka pangajaran matéri dongéng anu nepikeun wengkuan jeung téhnik meunteun nu rék dipaké ngan aya saurang. Ku kituna, bisa

dicindekkeun yén guru basa Sunda kelas VII di SMP *Piloting Project* Kota Cimahi dina nepikeun wengkuan jeung téhnik meunteun nu rék dipaké ngan aya 20%.

**c. Kamampuh Guru dina Meunteun Hasil Pangajaran Dongéng dumasar Kurikulum 2013**

Guru basa Sunda di SMP *Piloting Project* Kurikulum 2013 Kota Cimahi mampuh ngararancang jeung ngalaksanakeun meunteun dina pangajaran matéri dongéng, dumasar kana Kurikulum 2013, kalayan wincikan skorna: guru sumber data anu meunang skor 92 prédikat alus pisan aya saurang, anu meunang skor 83 prédikat alus aya tilu urang, sedengkeun anu meunang skor 75 prédikat cukup aya saurang.

Dina meunteun pangajaran matéri dongéng dumasar kana Kurikulum 2013 ka bagi kana dua hal nyaéta dina ngararancang meunteun jeung ngalaksanakeunana. Aspék-aspek anu ditalungtik dina ngararancang meunteun matéri dongéng, ngawengku: luyu jeung téhnik meunteun auténtik, luyu jeung instrumén meunteun auténtik, soal luyu jeung indikator keur ngahontal kompetensi, konci jawaban luyu jeung soal, pedoman skor luyu jeung soal, Sedengkeun dina ngalaksanakeun meunteun matéri dongéng dumasar kana Kurikulum 2013 aspék anu ditalungtik ngawengku: ngalaksanakeun meunteun sikep, meunteun pangaweruh jeung meunteun kaparigelan.

Panalungtikan kana kamampuh guru dina meunteun pangajaran matéri dongéng dumasar kana Kurikulum 2013 aya dua hal, nyaéta ngararancang meunteun jeung ngalaksanakeunana. Aspék-aspek anu ditalungtik dina ngararancang meunteun matéri dongéng ngawengku: Luyu jeung Téhnik Meunteun Auténtik aya 100%, Luyu jeung Instrumén Meunteun Auténtik aya 100 %, Soal Luyu jeung Indikator keur Ngahontal Kompetensi aya 80%, Konci Jawaban Luyu jeung Soal aya 20% , Palanggeran Skor Luyu jeung Soal aya 100 %. Sedengkeun dina ngalaksanakeun meunteun matéri dongéng dumasar kana Kurikulum 2013 aspék anu ditalungtik ngawengku: Ngalaksanakeun

Meunteun Sikep aya 40% , Ngalaksanakeun Meunteun Pangaweruh aya 100%, Ngalaksanakeun Meunteun Kaparigelan aya 100%.

## 5.2 Rékoméndasi

Sabada dilaksanakeun panalungtikan kana kamampuh guru dina ngararancang, ngalaksanakeun, jeung meunteun pangajaran Dongeng di SMP “*Piloting Project*” Kurikulum 2013 Kota Cimahi , aya sababaraha hal anu jadi rékoméndasi boh pikeun panalungtikan saterusna, hususna anu aya patalina jeung kamampuh guru dina ngararancang, ngalaksanakeun, jeung meunteun pangajaran dongéng luyu jeung Kurikulum 2013 atawa pangajaran séjén anu patali jeung kamampuh guru dina ngalarapkeun kurikulum 2013, boh pikeun guru, mahasiswa, para akademisi, para praktisi, para *stake holder* atawa saha baé anu maca ieu tésis. Rékoméndasi-rékoméndasi tina ieu panalungtikan diébréhkeun ieu di handap:

- 1) Guru basa Sunda kudu tanggap kana parobahan-parobahan kurikulum, sangkan henteu tinggaleun informasi, sanajan kagiatan-kagiatan pelatihan, *workshop*, *IHT*, jeung kagiatan sarupa séjénna anu patali jeung ngaronjatkeun kamampuh guru basa Sunda kawilang saeutik jeung kawatesanan.
- 2) Guru kudu mikaweruh jeung mampuh ngalarapkeun kurikulum basa Sunda anu panganyarna, sangkan pangajaran basa Sunda terus ngaronjat, boh dina kamampuh guruna boh dina hasil diajar peserta didik.
- 3) Guru basa Sunda kudu parigél dina milih jeung ngagunakeun modél pangajaran basa Sunda, sangkan pangajaran basa Sunda bisa lumangsung kalayan aktif, kréatif, inovatif jeung pikaresepeun.
- 4) Guru basa Sunda kudu mampuh nulungan dirina sorangan pikeun ngaronjatkeun profésionalismeuna, henteu ngan saukur ngandelkeun pimpinan, pamaréntah atawa lembaga-lembaga séjén pikeun nyadiakeun fasilitas ngaronjatkeun kompetensi guru.
- 5) Dinas pendidikan, boh dinas provinsi, boh dinas pendidikan kabupaten/kota, Balai Pengembangan Bahasa Daerah dan Kesenian Provinsi Jawa Barat, Balai Pelatihan Pendidikan dan Tenaga

Kependidikan (BPPTKPU) Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat, dipiharep bisa langkung seueur ngafasilitasi kagiatan anu raket patalina jeung ngaronjatkeun kamampuh guru.